# Өзбекстан Республикасында хызмет көрсеткен санаат хызметкери Алламуратов Жаңабай қайтыс болды

Image not found or type unknown

Алламуратов Жаңабай 1937-жылы 4-майда Шоманай районында туўылған. 1960-жылы Орайлық Азия политехника институтын тамамлаған. Мийнет жолын 1960-1961 жылларда Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси жанындағы жәмийетлик хожалықларда аўыл хожалығы қурылысы басқармасы техника жәрдеми бюросының аға инженери ҳәм бас инженери болып ислеўден баслаған.

1961-1964 жылларда 166-санлы қурылыс тресги 1-санлы қурылыс басқармасының қурылыс устасы, 1964-1968 жылларда 166-санлы қурылыс тресги прорабы, аға прорабы, бөлим баслығы, 2-санлы қурылыс басқармасы баслығы болып хызмет еткен.

1970-жылда "Ўзтрансмахсусқурилиш" тресги 129-санлы ҚМҚ баслығы,

1970-1973 жылларда Қарақалпақстан ўәлаят партия комитети инструкторы болған.

1973-жылдан 2003-жылға шекем "Қарақалпақгаз" республика басқармасы баслығы лаўазымында жумыс алып барған.

Алламуратов Жаңабай 1979-жылда Қарақалпақстан Республикасында хызмет көрсеткен қурылысшы, 2000-жылда Өзбекстан Республикасында хызмет көрсеткен санаат хызметкери мәмлекетлик сыйлықлары менен, сондай-ақ биринши дәрежели «Меҳнат фахрийси» көкирек белгиси менен сыйлықланған.

Алламуратов Жаңабай өзиниң дерлик 60 жыллық мийнет жолы даўамында өзиниң бай билим ҳәм тәжирийбеси, жоқары руўхый пазыйлетлери менен халқымыз ҳәм Ўатанымызға хызмет етти.

Халқымыздың сүйикли перзенти, кеңпейил ҳәм пидайы инсан Алламуратов Жаңабайдың шаңарағына, жақынларына терең қайғырыў менен кеўил айтамыз.

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси